

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
56, Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
[www.justicepaixhaiti.org.ht](http://www.justicepaixhaiti.org.ht)

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa avril rive sektanm 2016**

# 59-60

*Texte en français : voir pages 3, 11 et 17  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Pòtoprens, 15 oktòb 2016

## Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. **59 ak 60 tyèm rapò sila a rann kont sou zak vyolans ki te pase nan dezyèm ak twazyèm trimès lane 2016 nan zòn metwopolitèn nan.**

Lè n gade dezyèm ak twazyèm trimès lane 2016, mwa avril rive mwa sektanm, Komisyon an panse kantite zak kriminel nan kapital la fè yon bak. Men gen plizyè asasina ki revòlte konsyans Komisyon an :

- Gen asasinay tankou sa k te fèt sou Sè relijye **Isola Isabel MATAS**, ki te mete vi l nan sèvis moun pòv ak moun andikape yo nan peyi a.
- Gen asasinay sou polisye ki vin pi plis nan mwa sa yo tou. Nou rejistre 8 ka pou 6 mwa sa yo.

An menm tan nou wè, rapò nou yo fè n konnen lapolis mele pi souvan nan lanmò lòt moun (44 ka). **Eske sa vle di : estrateji ak metòd lapolis chanje pou konbat kriminalite nan kapital la ?** Epitou, gen plis asasinay nan zòn Kafou (42 ka) ak Petyonvil, wout Frè (36 ka).

Yon lòt bagay Komisyon an ap obsève: santiman ensekirite lakay sitwayen ak sitwayèn yo pa diminye. Komisyon an kwè se paske ensekirite se pa sèl yon kesyon asasinay. Popilasyon an santi vi l menase nan anpil lòt fason toujou : gen brakaj, vòl ak zam, gen ekstòsyon ak tout kalite presyon li sibi, epitou gen tout ensekirite lavi a, ki fè moun pa viv ak kè poze. Nan rapò sa a, Komisyon an analize epi chèche konprann reyalite sa a epi l fè pwopozisyon tou.

Komisyon an envite Otorite yo pran reskonsablite yo pou, nan kad sa lalwa pèmèt, yo konbat ensekirite a, epi yo kreye tout kondisyon ki fè tout moun santi yo kapab viv san kè sote nan peyi yo a.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la yo, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li deja ap di nou mèsi pou bonjan atansyon nou pral bay 59 ak 60 tyèm rapò sila a.

Port-au-Prince, 15 octobre 2016

## Lettre ouverte aux autorités civiles, Judiciaires et policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. Ce 59<sup>ème</sup> et 60<sup>ème</sup> rapport rend compte sur les actes de violences enregistrées dans la zone métropolitaine au cours de deux trimestres : le deuxième et troisième de l'année 2016.

Au regard du deuxième et troisième trimestre de 2016, du mois d'avril au mois de septembre, la Commission pense qu'il a une baisse dans le nombre d'actes criminels dans la capitale. Cependant, il y a plusieurs actes criminels qui révoltent notre conscience :

- L'assassinat de la sœur **Isola Isabel MATAS** qui a donné sa vie dans le service des plus démunis et des personnes vivants avec un handicap.
- L'assassinat des policiers qui a augmenté dans les derniers mois. Huit (8) cas ont été enregistrés durant les six derniers mois.

En même temps, nos rapports nous informent que la police est impliquée de plus en plus dans l'assassinat de plusieurs personnes (44 cas). **Est-ce que cela veut dire que la police a changé de stratégie ou de méthode dans le combat contre la criminalité dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince ?** Ainsi, plus de cas d'assassinat sont enregistrés dans la zone de Carrefour (42 cas), Pétion-Ville et la Route de Frères (36 cas).

L'autre chose observée par la Commission: le sentiment d'insécurité chez les citoyens et citoyennes ne diminuent pas. La Commission croit que l'insécurité ne se réside pas seulement dans la seule question d'assassinat. La population se sent menacée aussi par les braquages, les vols à mains armées, les extorsions et d'autres formes de pressions subies, tout comme par l'insécurité de la vie qui empêchent aux gens de vivre en paix. Dans ce rapport, la Commission analyse et cherche à comprendre cette réalité et fait des propositions.

La Commission invite aux autorités à prendre leur responsabilité dans les limites de la loi pour combattre l'insécurité et de créer les conditions nécessaires pouvant permettre aux gens de se sentir en sécurité dans le pays afin que le sentiment d'insécurité disparaisse.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez au 59<sup>ème</sup> et 60<sup>ème</sup> rapport.

Mme Jocelyne Colas Noel, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable d'observation

### Tablo mwa avril rive jen 2016

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

|   |  | Mwa Avril<br><b>28</b><br>viktim | Mwa Me<br><b>46</b><br>Viktim | Mwa Jen<br><b>34</b><br>viktim |
|---|--|----------------------------------|-------------------------------|--------------------------------|
| <b>a. Sou idantite viktim yo</b>                          |  |                                  |                               |                                |
| Polis ak ajan sekirite ki viktim                          |  | 1                                | -                             | 1                              |
| Fanm ki viktim  |  | 4                                | 1                             | 3                              |
| Timoun ki viktim  |  | 4                                | 4                             | -                              |
| Viktim yo pa konnen kilès yo ye                           |  | 20                               | 35                            | 27                             |
| <b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>                              |  |                                  |                               |                                |
| Moun ki mouri ak bal                                      |  | <b>16</b>                        | <b>32</b>                     | <b>24</b>                      |
|   | Moun ki mouri ak ballapolis/Minustah                 | -                                | 1                             | 1                              |
|   | Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah      | 3                                | 7                             | 5                              |
|   | Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang               | 1                                | 1                             | 1                              |
|   | Viktim afwontman ant gang                            | -                                | 4                             | -                              |
|   | Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye | 12                               | 19                            | 17                             |
| Moun ki touyetèt yo                                       |  | <b>1</b>                         | -                             | -                              |
| Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt   |  | <b>1</b>                         | <b>3</b>                      | <b>3</b>                       |
| Moun ki mouri nan aksidan                                 |  | <b>2</b>                         | <b>3</b>                      | <b>6</b>                       |
| Moun ki mouri nan move tan                                |  | <b>7</b>                         | <b>7</b>                      | -                              |
| Lòt kòz ak sa yo pa konnen                                |  | <b>1</b>                         | <b>1</b>                      | <b>1</b>                       |
| <b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>                         |  |                                  |                               |                                |
| Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino             |  | -                                | 3                             | 1                              |
| Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè |  | 2                                | 4                             | 3                              |
| Zòn Kafou   |  | 1                                | 12                            | 7                              |
| Gran Ravin ak Matisan                                     |  | 2                                | 1                             | -                              |
| Petyonvil, wout Frè                                       |  | 7                                | 10                            | 9                              |
| <b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>                          |  |                                  |                               |                                |
| Moun ki mouri sou etikèt vòlò                             |  | 1                                | 7                             | 3                              |
| Etikèt kidnapè/bandi                                      |  | 2                                | 1                             | 1                              |

## Tablo mwa Jiyè rive sektanm 2016

### Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

|  |   | Mwa Jiyè<br>39 viktim | Mwa Out<br>42 viktim | Mwa<br>Sektanm<br>35 viktim |
|--|---|-----------------------|----------------------|-----------------------------|
| <b>a. Sou idantite viktim yo</b>                             |   |                       |                      |                             |
| Polis ak ajan sekirite ki viktim                             |   | 3                     | 2                    | 1                           |
| Fanm ki viktim   |   | 1                     | 1                    | 3                           |
| Timoun ki viktim   |   | 1                     | -                    | 1                           |
| Viktim yo pa konnen kilès yo ye                              |   | 29                    | 37                   | 29                          |
| <b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>                                 |   |                       |                      |                             |
| Moun ki mouri ak bal   |   | <b>34</b>             | <b>37</b>            | <b>31</b>                   |
|  | Moun ki mouri ak ballapolis/<br>Minustah                | 1                     | 2                    | 7                           |
|  | Moun ki mouri nan<br>afwontman ak polis / Ministah      | 2                     | 7                    | 8                           |
|  | Moun ki mouri ak bal bandiki<br>nan gang                | 7                     | 5                    | -                           |
|  | Viktim afwontman ant gang                               | -                     | -                    | -                           |
|  | Moun ki mouri ak bal nèg ak<br>zam yo pa rive idantifye | 24                    | 23                   | 16                          |
| Moun ki touye tèt yo   |   | -                     | -                    |                             |
| Moun ki mouri ak zam blanch,<br>wòch, fè, baton ak manchèt   |   | <b>1</b>              | <b>3</b>             | <b>2</b>                    |
| Moun ki mouri nan aksidan                                    |   | <b>4</b>              | <b>2</b>             | <b>2</b>                    |
| Moun ki mouri nan move tan                                   |   | -                     | -                    | -                           |
| Lòt kòz ak sa yo pa konnen                                   |   | -                     | -                    | -                           |
| <b>c. Sou kèk katye : ki kote</b>                            |   |                       |                      |                             |
| Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò<br>Nasyonal ak Solino             |   | 5                     | 6                    | 1                           |
| Lasalin, Site Solèy, wout<br>Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè |   | 4                     | 2                    | 2                           |
| Zòn Kafou  |   | 5                     | 8                    | 9                           |
| Gran Ravin ak Matisan  |   | 3                     | -                    | -                           |
| Petyonvil, wout Frè  |   | 6                     | 1                    | 3                           |
| <b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>                             |   |                       |                      |                             |
| Moun ki mouri sou etikèt vòlò                                |   | 1                     | 5                    | 8                           |
| Etikèt kidnapè/bandi   |   | 2                     | 4                    | 7                           |

**Analiz ak kòmantè sou 59<sup>yèm</sup> ak 60<sup>yèm</sup> rapò sou sitiyaasyon vyolans  
nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan  
Sa ki dwe atire atansyon nou nan 2<sup>yèm</sup> ak 3<sup>yèm</sup> trimès pandan lane 2016 la**



**Komisyon Episkopal Nasyonal  
Jistis ak Lapè salye memwa Sè  
Isola Isabel MATAS, bandi ak  
zam, yo pa rive idantifye, te  
asainen jou ki te vandredi 2  
septanm 2016 la nan Kafou  
San Fil.**

Peryòd avril-jen ak jiyè-sektanm 2016 la, kantite zak asasinay nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan te bese. Men tou, te genyen kèk krim sanginè ki te fèt nan peryòd sa a tankou :

- zak asasinay sou sè **Isola Isabel MATAS**
- ak plizyè asasinay ki te fèt sou 8 polisye pandan 6 mwa sa yo.

Nan anpil temwayaj nou resevwa, yo montre n anpil fwa Lapolis konsène nan anpil moun ki mouri. Nan rapò yo genyen 44 ka kote se Lapolis ki lakòz moun sa yo mouri, swa moun yo mouri ak bal Lapolis, oubyen nan yon afwontman dirèk ak Lapolis. Chif sa a pi plis pase rapò anvan yo. **Eske sa ta vle di genyen yon chanjman nan entèvansyon Lapolis yo, ki ta aji pi rapid pou tire moun ki sispèk yo ? Eske n kapab di se egzekisyon somè ?**

Fòk nou di tou, genyen kèk katye anndan kèk komin ki vin pi vyolan. Nan komin Kafou, rapò a idantifye 42 ka, nan komin Petyonvil ak zòn Wout Frè genyen 36 ka, nan komin Site Solèy ak Anba Lavil la genyen 17 ka. Ensekirite a pa mele ak katye ki pa gen bon renome yo sèlman.

Kantite zak asasinay ki diminye nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan pa vle di pratik vyolans lan fini, paske vyolans konn parèt sou anpil fòm.

Fòk yo ta verifye tou kisa ki lakòz diminyasyon sa a. Komisyon an konsyan limit li nan obsèvasyon sou zak vyolans ak vyolasyon dwa moun l ap fè yo, konsa, li ekri sèlman sa li byen verifye. Kantite ka nou mete nan rapò nou yo pi piti pase zak asasinay k ap fèt nan sosyete a.

Yon lòt konsta nou fè sou kantite krim yo ki diminye pandan 6 dènye mwa sa yo ; si nou pale ak sitwayen ak sitwayèn yo n ap wè **santiman ensekirite** a toujou la. Fòk nou ta poze tèt nou kesyon sou kisa ki lakòz santiman ensekirite a toujou nan tèt ayisyen ak ayisyèn yo sitou nan yon vil tankou Pòtoprens.

## **Kijan n kapab konprann santiman ensekirite a**

Santiman ensekirite a pa chita sèlman sou zak asasinay, men tou se tout zak vyolans sitwayen ak sitwayèn yo ap viktim chak jou nan lavi yo. Reyalite ki kenbe santiman ensekirite a nan lespri moun yo vini sou yon pakèt fòm :

1. Brakaj chak jou k ap fèt gwo jounen nan lari a, se yon sitiyasyon ki bay gwo kè kase epi ki bay sitwayen ak sitwayèn gwo pwoblèm nan lavi yo. Nan kamyonèt, lè lekòl lage, se pa fasil pou yon moun pa viktim oubyen li konnen yon lòt moun ki te viktim yon zak agresyon, yon vòl oubyen yon lòt zak vyolans.
2. Lè n gade fason yo pran annotaj ak mande lajan prèske chak jou nan boutik yo, ti-biznis yo ak nan mache piblik yo, nou ta kapab di ti malere se achte yo achte sekirite yo, ki nan ka sa a pa gen pri. De (2) nèg ak zak sou moto rantre nan yon ti biznis k ap fè fotokopi epi y ap egzije mèt biznis lan pou ba yo 25, 50 oubyen 100 goud paske yo te grangou. Kalite ka sa yo anpil.
3. Brakaj yo, nèg k ap vòlè ak zam ak krim k ap fèt lè moun ap soti nan bank kòmèsyal yo se bagay ki rive souvan. Otorite yo poko janm oblije bank kòmèsyal yo amelyore sekirite yo an favè kliyan yo. Lè w al retire yon kòb nan bank kòmèsyal yo, malgre tout zak malonèt ak vòl yo ap fèt depi lontan, tout tranzaksyon lajan toujou ap fèt devan je tout moun san kache.
4. Chak fwa se fèt fen lane a toujou genyen anpil ka brakaj ak vòl ki fèt ak zam, gang yo konnen mwa desanm se mwa pou yo opere nan lari a.
5. Lapolis la pa genyen gwo kapasite pou reyaji lè bagay sa yo rive. Nou kapab site kòm egzanp : zak nèg sou moto ap fè nan lari a devan je tout moun, Lapolis poko janm ka kanpe bagay sa a tout bon.
6. Niwewo ijans Lapolis la « 114 la » pa fonksyone tout bon. Si w ta jwenn yo repons nan « 3338 1111 » sa yo pwomèt ou y ap fè a yo fè w tann anpil pou li. Nou kapab di sitwayen ak sitwayèn yo santi yo pou kont yo lè genyen bagay ki rive yo. Jistis popilè yo kapab sèvi nou endikatè nan sans sa a, paske nou rejistre 25 ka asasinay ki fèt ak kout manchèt. Men chif jistis popilè a kapab pi laj lè n ta konsidere divès ka kote yo sèvi ak bal, jan sa konn fèt tou.
7. Konpòtman otorite yo ki genyen yon pakèt polisye ak sekirite pèsònèl nan sèvis yo pouse sitwayen ak sitwayèn yo panse degre ensekirite a monte anpil nan peyi a. Si otorite yo santi yo anba menas konsa nan mitan pwòp pèp yo, nan ka sa a, kijan w ka mande sitwayen ak sitwayèn yo pou ekspoze chak jou ak danje ki gen nan lari a ...
8. Otorite yo tou se sous ensekirite yo ye, paske yo pa respekte okenn prensip ki pi piti nan zafè sikilasyon : tankou chofè ak sekirite yo k ap aji ak britalite, epi yo kache dèyè yon vit fime. Se kòm si yo pè sa ki ka rive yo sou wout la.

9. Akòz polisye yo konn aji avèk britalite nan manifestasyon yo, sa konn pwovoke yon reyaksyon vyolan bò kote manifestan yo. Konsa, chak lè gen dega nan manifestasyon yo, li difisil oubyen enposib pou konn vrè lotè zak kriminel yo, tankou lè genyen moun ki mouri, chak aktè nan bò pa yo ap akize lòt.
10. Klima enpinite a ki antoure kriminalite a, vyolans yo ak menas yo pa bay sitwayen ak sitwayèn yo okenn garanti. Paske pa gen okenn krim, okenn brakaj, okenn menas yo pran sanksyon kont yo ... Okontrè se moun ki viktim yo yo konn akize pou mansonjè lè yo al denonse san yo pa genyen twòp prèv sou moun ki fè zak la sou yo a.
11. Tout denonsyasyon yo gen limit yo. Moun yo pa al denonse zak yo sibi yo. Menm yon senp deklasyon yo pa al fè si se pa paske l nesèsè pou refè yon pyès oubyen pou jistifye yon kòb ki te pèdi. Plizyè fwa nan Komisyon an nou temwen anpil moun al deklare yo genyen “pyès ki pèdi” oubyen Lapolis ekri note menm bagay la, tandiske se volè ak zam ki brake moun sa a. De (2) bagay ki diferan youn ak lòt.
12. Echèk sèvis ransèyman ki gen nan peyi a ki ta sipoze la pou ede mete sekirite nan zòn yo pa efikas. Anpil zak ensekirite k ap fèt yo, san jennen, byen fasil, se kèk fwa ou tandè Lapolis te dejwe yon zak konsa. Pou sitwayen ak sitwayèn yo sa vle di : sèvis ransèyman nan Lapolis la pa efikas.

Se konsa Komisyon an reflechi sou kèk kòz ensekirite a oubyen sou sa ki fè ensekirite a toujou ap taye banda. Santiman ensekirite a al pi lwen, paske se repons moun yo bay tèt yo devan yon menas yo konsidere ki la a.

### **Santiman ensekirite ki lakay sitwayen ak sitwayèn yo nan peyi a**

Viv nan lapè ak tout trankilite w se rèv tout sitwayen ak sitwayèn yo, men rèv sa a ap pran anpil tan pou l rive reyalize. Sosyete a nan tout li menm, Lapolis ak Lajistis nan chan travay li, parèt enpwisan pou pote repons sitwayen ak sitwayèn ap tann bò kote otorite yo.

**Kisa santiman ensekirite a ye ?** Ensekirite ak santiman ensekirite pa menm bagay. Yo konekte ant yo menm, men yo pa dwe konfonn yo.

Ensekirite a montre w ka yo, epi yo kapab mezire yo :

- Kantite ka اساسina yo ki genyen;
- Moun ki blese ak zam nan sal ijans lopital yo;
- Kantite deklarasyon ka brakaj Lapolis resevwa yo;
- Kantite aksidan sikilasyon yo ki genyen ak kantite moun ki mouri oubyen blese.

Ensekirite a kapab kouvri diferan bezwen fondamantal yon moun oubyen yon gwoup moun genyen, men ki pa satisfè. Konsa nou kapab di, genyen ensekirite fizik (sa ki enterese nou



nan obsèvasyon sa a), ensekirite alimantè, ensekirite politik, ensekirite anlwa (travay), ensekirite anviwònmantal, ensekirite jidisyè, ensekirite nan kèk zòn, ensekirite nan wout yo ak lòt ensekirite ankò. Ensekirite a tou se fason sitiyouyon yo parèt la, ki vle di yo pa genyen yon estabilite epi yo frajil.

Ensekirite a kapab pèsònèl oubyen kolektif, men ensekirite a toujou mache ak ka ou ka kapab verifye epi ou kapab konprann epi analize.

Santiman ensekirite a se fason moun yo konprann yon danje ki reyèl oubyen yo imajine ak fason yo analize sa ki pase a. Li gen awè ak fason moun yo pè pou sa ki ta kapab rive a oubyen yo pè tou si bezwen yo pa satisfè. Paske yo toujou panse bezwen yo p ap satisfè, sa vin kreye yon santiman panik, perèz, estrès ak enkyetid.

- Santiman ensekirite a ap chèche jistifye l atravè opinyon yo tankou : moun k ap pale, laprès k ap repete sa ki pase « vyolans vale teren », san kantite yo obsève yo pa ogmante pou sa.
- Menm si genyen kèk ka malonèt tankou : lanmò yon timoun, lanmò yon fanm, lanmò yon polisye kapab fè w santi pa genyen pèsòn ki an sekirite. Santiman sa a vin fò si li ranfòse perèz ensekirite a kay moun nan oubyen kay moun ki pwòch li. Zak asasinay yo te fè sou Sè Isola Isabel MATAS la, kote bandi ak zam tire yon sè relijyèz nan kafou San-Fil jou ki te vandredi 2 septanm 2016 la, ogmante santiman ensekirite a lakay anpil moun. Si yon relijyèz ki se yon etranje, kapab viktim yon zak asasinay malonèt konsa, sa vle di tou pa gen pèsòn ki kapab di yo an sekirite devan machin lanmò-lanfè sa a ki reprezante ensekirite a ak yon vyolans avèg. Aprè twa (3) mwa, poko gen okenn limyè ki fèt sou dosye sa a. Ensekirite a kache kò l anba rad enpinite ak koripsyon.
- Santiman an vin ranfòse si moun nan li menm te sibi zak vyolans lan oubyen vyolans lan.

Santiman ensekirite a montre yon fason klè kòman sitwayen ak sitwayèn yo santi yo vilnerab (fèb) epi san defans devan yon pakèt sitiyouyon l ap viv avèk yo chak jou k ap devlope bò kote l san li menm li pa ka defann tèt li. Ann wè kèk sitiyouyon :

- Chak jou pi plis, nan relasyon moun ak moun yo vin gen plis mefyans (youn pa fè lòt konfyans) ki se rezilta chak moun k ap chèche sove tèt pa yo. Relasyon pataj ak « vwazinaj se fanmi » prèske pa egziste ankò, sitou nan vil Pòtoprens. Anplis ansyen abitud yo tankou mawonaj ki fè kwè moun ki entelijan an se moun yo pa ka dekouvri fasil.

- Lontan, nan chak vwazinaj youn te konn lòt, men kounye a se lòt moun ki sot lòt kote ki vin rete nan vil yo ak katye yo. Kantite moun, ak jan vil yo konstwi yo vin ranfòse santiman ensekirite ak mefyans lakay sitwayen ak sitwayèn yo.
- Difikilte ki genyen nan politik la ak kriz ki pa janm fini yo konn lakòz estrès lakay popilasyon an. Nan sousi pou lavi ak lavni lafanmi genyen anpil moun k ap kite peyi a chak jou pi plis.
- Paske politisyen ak politisyèn yo pa kwè nan demokrasi ki se sèl abit ki kapab jere sa yo genyen ant yo menm, yo pito ap kreye chak jou kriz sou kriz nan peyi a. Politisyen ak politisyèn yo pa janm mete vyolans sou kote, men yo toujou sèvi ak li kòm mwayen pou pran pouvwa.
- Peyi a konnen anpil lit sosyal reyèl epi ki danje. Prejije yo, kondisyon sosyal sou plan ekonomik ak rasyal yo toujou vini nan chak kriz. Fòk yon moun konnen dosye sa yo byen pou lè l ap manyen yo, pou l pa detwi peyi a epi rann sitiyasyon an pi difisil toujou.
- Nou pa kapab bliye feblès enstitisyon Leta yo. Enpinite a fè pèsòn pa kwè nan pèsòn. Koripsyon an kondane moun ki pòv yo nan yon mizè san fen. Enstitisyon yo fini nèt ak pratik mawonaj la nan chèche enterè pèsònèl. Sitiyasyon sa a lakòz Leta a vin pi fèb epi li retire tout posibilite nan men l pou l ta efikas nan lit kont koripsyon an.

Li nesèsè pou nou lite pou peyi a genyen sekirite ladann. Pou genyen sekirite nan zòn metwopolitèn nan, fòk genyen gwo travay ki fèt, soti nan lari a al nan katye popilè yo rive nan gwo magazen yo ak lòt kote ankò.

Fòk nou konprann epi konbat santiman ensekite a nan peyi d Ayiti. Nou pale sou yon pakèt ka ak sitiyaasyon ki lakòz santiman ensekirite fizik la lakay sitwayen ak sitwayèn yo. Nou bay anpil nan yo tankou : jan wout yo fèt la, vilaj yo, katye popilè yo, estasyon machin yo, mache piblik yo, devan bank kòmèsyal yod. Sitiyaasyon yo reyèl epi yo lakòz yon santiman danje nan tèt sitwayen ak sitwayèn yo ki menm depase sa k ap pase a tout bon. Genyen yon pakèt sitiyaasyon ki mande pou Leta a mete men pi plis ansnam ak sosyete sivil la. Ijans yo anpil :

- Konstwi yon Leta ki reskonsak ki kapab garanti sekirite sitwayen ak sitwayèn yo ;
- Travay pou kondisyon moun ap viv yo amelyore ;
- Ranfòse inisyativ nan mitan sosyete sivil la. Kreye lyen solidarite nan mitan moun yo atravè asosyasyon, kreye inisyativ pou moun yo kapab rankontre youn ak lòt epi youn fè lòt konfyans ;
- Fòk mantalite gason ak fanm k ap fè politik anndan peyi a chanje, lè yo panse se ak vyolans yo ka fè politik nan yon peyi ki vle demokrasi ak yon Leta ki chita sou lalwa.

## Analyse et commentaire des 59 et 60<sup>ème</sup> rapports de violence à travers la zone métropolitaine

### Les faits saillants du deuxième et troisième trimestre de l'année 2016



La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue la mémoire de Sœur Isola Isabel MATAS, assassinée lâchement par des bandits armés non identifiés le vendredi 2 septembre 2016 au carrefour Sans Fil.

Les périodes avril-juin et juillet-septembre 2016 sont marquées par une apparente baisse de cas d'assassinats dans la zone métropolitaine.

Des crimes particulièrement crapuleux sont l'assassinat de Sœur **Isola Isabel MATAS**,  
Tout comme l'assassinat de plusieurs policiers : 8 en total.

Les témoignages reçus, affirment plus souvent l'intervention directe de la police. Les rapports mentionnent 44 cas où la police est mentionnée comme agent qui a causé la mort de la victime, soit qu'il s'agit de mort par balle de la police ou victime dans un affrontement avec la police. Ce nombre est de loin plus élevé que dans les rapports précédents. **Est-ce que cela signifierait un changement dans les interventions de la police même, qui interviendrait plus rapidement pour éliminer des gens suspects ? Pourrait-il s'agir d'exécutions sommaires ?**

A noter également les quartiers qui semblent plus violents. La zone ou commune de Carrefour est mentionnée avec 42 cas ; Pétiou - ville et la route Frères avec 36 cas ; Cité Soleil et le bas de la ville de Port-au-Prince avec 17 cas. L'insécurité n'est plus liée à des quartiers avec mauvaise réputation.

La diminution apparente des cas d'assassinats dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince ne signifie pas pour autant que les pratiques de violences sont en mode de cessation réelle, parce que la violence apparaît sous de multiples formes.

Il reste d'ailleurs le problème de la vérification réelle des faits. La Commission est bien consciente de la limite de ses observations ; elle veille de ne relater que des informations vérifiées. Les chiffres de nos rapports sont donc à prendre comme des minima assurés.

Un autre constat est qu'avec la diminution des crimes dans les six derniers mois, si on parle avec les citoyens et citoyennes, le **sentiment d'insécurité** ne diminue guère. Il convient donc de s'interroger sur ce qui pourrait nourrir le sentiment d'insécurité dans le contexte haïtien et dans une ville comme Port-au-Prince.

## Comprendre le sentiment d'insécurité

Ce sentiment n'est pas seulement déterminé par le fait des assassinats, mais également par les multiples actes de violence dont les citoyens et citoyennes sont les victimes et qui marquent la vie quotidienne des gens. La réalité de la violence qui nourrit le sentiment d'insécurité se présente sous plusieurs formes:

1. Les **braquages à répétition** à travers les rues sont des situations alarmantes qui nuisent beaucoup les citoyens dans leur vie. Dans les camionnettes, à la sortie des écoles, ... rares sont les gens qui n'ont pas été victimes ou qui ne connaissent personnellement quelqu'un qui a été victime d'une agression, d'un vol, ou autre acte de violence.
2. La façon dont les boutiques, **petites entreprises et marchés publics sont pris en otage** et rançonnés. Finalement les petits gens achètent leur sécurité, qui à ce niveau n'a pas de prix. Deux motards peuvent entrer dans une petite entreprise de photocopie et exiger 25, 50 ou 100 gourdes parce qu'ils ont faim ... Les exemples sont multiples.
3. Les braquages, vols à mains armée et crimes **à la sortie ou en revenant d'une banque** sont fréquents. Les banques ne sont jamais enjointes d'améliorer leur dispositif de sécurité en faveur des clients. Les transactions de caisse, après tant d'années d'actes de brigandages et de vols, se réalisent toujours à la vue et au su de tout le monde, sans aucune discrétion.
4. L'approche des **fêtes de fin d'année** déjà annoncent de nombreux braquages et vols à main armée. Le mois de décembre a sa propre réputation en ce domaine.
5. L'apparente **faible capacité de réaction de la police** à intervenir dans les cas nécessaires.  
Ex : Les attaques spectaculaires motorisées en pleine rue sans les stopper véritablement.
6. **Le numéro d'urgence** indiquée par la police elle même (le « 114 ») ne fonctionne pas ; si on trouve une réponse (sur le 33331111 par exemple), les interventions promises se font attendre. Ceci donne au citoyen le sentiment d'être livré à lui-même quand des événements ou faits lui arrivent. Une certaine recrudescence de la justice populaire pourrait servir d'indicateur dans ce sens : 25 cas d'assassinats par arme blanche ont été notés. Mais la notion de justice populaire peut être plus large, quand elle se sert de l'arme à feu.
7. **Le comportement même des autorités**, le nombre imposant de policiers et gardes de corps à leur service, projettent pour tout citoyen dans le pays l'image d'un pays avec un degré bien élevé d'insécurité : Si les autorités se sentent si menacées au milieu de leur propre peuple, quid alors des simples citoyens qui doivent s'exposer chaque jour aux dangers de la rue...
8. **Les autorités sont d'ailleurs sources d'insécurité**. Le non respect des règles élémentaires du trafic routier par exemple, la brutalité de leurs chauffeurs et gardes de corps, le fait de se

cacher derrière des vitres fumées, projettent une image d'inconnu, de peur et de possible danger vers les autres usagers de la route.

9. **La brutalité de certaines interventions policières** provoquent, irritent et sont la cause de réactions violentes lors de manifestations, par exemple. Des dégâts s'en suivent ; il est difficile ou impossible de connaître l'auteur du crime quand il y a des victimes mortelles, parce chaque acteur accuse l'autre partie.
10. **Le climat général d'impunité** qui entoure la criminalité, les violences et les menaces, n'est pas rassurant pour le citoyen ; parce que finalement aucun crime, aucun braquage, aucune menace n'est sanctionnée ... Au contraire, c'est encore la victime qui peut être mise en accusation pour calomnie, s'il dénonce sans pouvoir donner des preuves de la culpabilité de son suspect.
11. **Les limites des dénonciations.** Les gens ne dénoncent pas vraiment les actes dont ils sont victimes ; même une simple déclaration n'est pas faite si elle ne s'avère pas vraiment nécessaire, par exemple pour refaire une pièce ou pour justifier la perte d'un montant d'argent par exemple. A plusieurs reprises, la Commission a d'ailleurs été témoin que les gens déclarent (ou que la police note) « perte de pièces », tandis qu'il s'agissait bel et bien de « vol à main armée » ; ce qui est totalement différente.
12. **L'échec du service de renseignement** qui devrait aider pour maintenir la sécurité dans les périphéries. Exemple : De nombreux actes d'insécurité se produisent, sans gêne, tout facilement ; rarement on apprend qu'un acte a été déjoué par la police. Pour les gens, cela traduit l'inefficacité du service de renseignement au niveau de la police.

Ce sont à l'avis de la Commission des faits d'insécurité ou des faits qui nourrissent directement l'insécurité. Le sentiment d'insécurité va encore plus loin, parce qu'elle est la réponse des gens à une situation qui est perçue comme menaçante.

### **Le sentiment d'insécurité qui habite les citoyens et citoyennes haïtiens**

Vivre dans la quiétude d'esprit et dans la sérénité est le rêve de tout citoyen ou citoyenne ; mais ce rêve est loin d'être effectif. La société dans son ensemble, la police et la justice dans ses champs juridictionnels paraissent régulièrement impuissantes pour apporter la réponse appropriée aux attentes légitimes des citoyens.

**C'est quoi le sentiment d'insécurité ? Insécurité et sentiment d'insécurité ne sont pas la même chose. Elles sont liées ; mais elles ne doivent pas être confondues.**

L'insécurité se réfère à des faits ; elle est mesurable :

- Le nombre d'assassinats ;

- Les blessés par arme qui entrent dans les salles d'urgence des hôpitaux ;
- Le nombre de déclarations de faits de braquage reçu par la police ;
- Le nombre d'accidents routiers ; les victimes mortelles ou blessées.

L'insécurité peut d'ailleurs couvrir les différents champs des besoins fondamentaux d'une personne ou d'un groupe qui ne sont pas satisfaits. Ainsi il y a l'insécurité physique (qui nous intéresse surtout dans cette observation), l'insécurité alimentaire, l'insécurité politique, l'insécurité d'emploi, l'insécurité environnementale, l'insécurité judiciaire, l'insécurité de certaines banlieues, l'insécurité des routes et autres. L'insécurité est aussi l'état de quelque chose qui n'est pas stable, qui est précaire.

Il peut être individuel ou collectif. Mais l'insécurité se réfère toujours à des faits vérifiables, qu'on essaie de cerner et d'analyser.

**Le sentiment d'insécurité est la perception d'un danger réel ou imaginé et la perception qu'on se fait de sa gravité.** Il se réfère à la peur du danger imminent ou la peur de ne pas voir satisfaits des besoins fondamentaux. Cette non-satisfaction des besoins crée un sentiment d'incertitude, de peur, de stress, d'angoisse.

- Le sentiment d'insécurité cherche à se justifier par des opinions générales comme : tout le monde en parle, la presse répète des faits et conclut « *Vyolans vale teren* », sans que les cas observés pour autant soient en augmentation.
- Par contre, des faits particulièrement crapuleux, la mort d'un enfant, la mort de femmes, d'un policier, peut bien nourrir le sentiment que personne n'est plus en sécurité maintenant. Le sentiment devient fort s'il renforce la peur de l'insécurité qui peut toucher à la personne elle-même ou à ses proches.
- Le sentiment est renforcé toujours si la personne a vécu elle-même d'actes de violence ou d'insécurité.

**L'assassinat de sœur Isola Matas, tuée par des individus armés au carrefour Péan de Sans Fil, le vendredi 2 septembre 2016, a augmenté chez de nombreuses personnes le sentiment d'insécurité. Si une religieuse, étrangère peut être victime d'un assassinat si crapuleux, alors, personne n'est plus à l'abri de cette machine meurtrière infernale, que représente l'insécurité de la violence aveugle.** Après trois mois, il n'y a pas encore de lumière ; l'insécurité se voile du manteau de l'impunité, et souvent même de la corruption.

Le sentiment d'insécurité montre clairement comment le citoyen ou la citoyenne se sentent vulnérables et sans défense devant un nombre de situations qui l'entourent, qui se développent et contre lesquelles il n'a pas de défense. Voyons un nombre de ces situations :

- De plus en plus, les relations entre les gens sont marquées par la méfiance qui est résultat de la lutte pour la survie. Les relations d'entraide et « *vwazinay se fanmi* » s'effritent, surtout dans les villes comme Port-au-Prince. Ajoute à cela d'anciennes habitudes comme le

marronnage, qui font croire que le vrai intelligent est celui qui ne se dévoile pas.

- Autrefois, le voisinage se connaissait ; maintenant la ville ou le quartier est habité de plus en plus par des gens qui viennent d'ailleurs, des étrangers ou inconnus. La démographie et l'urbanisation changeante renforce le sentiment d'insécurité et de méfiance.
- Les difficultés politiques et crises répétées sont source de stress, de soucis pour la vie et pour l'avenir de la famille ; des gens veulent laisser le pays qui devient de plus en plus une terre de passage.
- Les crises politiques sont entretenues par une conception que les politiciens ne croient pas vraiment à la démocratie comme arbitre des différends. La violence n'est jamais laissée de côté, mais elle est toujours considérée comme un moyen pour s'accaparer du pouvoir.
- Le pays connaît des antagonismes sociaux réels et dangereux. Les préjugés, les mépris d'ordre social, économique et racial font surface à chaque crise. Il faut en être conscient pour les traiter, pour qu'ils ne détruisent pas le pays et deviennent incontrôlables.
- On ne saurait oublier les faiblesses institutionnelles de l'Etat : l'impunité ronge la confiance entre les gens ; la corruption condamne les pauvres à la misère ; les institutions sont gangrenées par les pratiques de marronnage, de corruption et la poursuite d'intérêts personnels. Ces situations affaiblissent l'Etat davantage et lui enlèvent toute crédibilité et inefficacité dans la lutte contre l'insécurité.

